



Pou Piblikasyon Imedya: 9/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL REVELE TOUNE VITYÈL AYOPÒ GREATER BINGHAMTON KI REIMAJINE A

Pwojè a te resevwa 32 milyon dola nan Konpetisyon pou Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Eta Gouvènè a ki koute 230 milyon dola

Videyo Fly-Through a ofri yon premye apèsi de gwo mizajou yo te planifye nan kad pwojè modènizasyon ki ankou a

Videyo reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te revele jodi a yon nouvo videyo fly-through ki ofri moun k ap gade yo premye apèsi de yon Ayopò Greater Binghamton ki reimajine. Videyo de minit edmi an dekri gwo modènizasyon ki planifye pou Ayopò Greater Binghamton. Pwojè a, [ke Gouvènè a te anonse an novanm](#), te finanse ak 32 milyon dola ki soti nan Konpetisyon Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayopò nan Nò Eta a (Upstate Airport Economic Development and Revitalization Competition) 230 milyon dola a. Videyo a ke konsiltan ayopò yo te pwodui yo, disponib pou wè [isit la](#).

“Ayopò nan nò eta nou an se pasrèl esansyèl vè kominote lokal yo, epi n ap fè tout sa nou kapab pou asire yo bay yon akèy ki fasil epi agreyab pou rezidan ak vizitè yo menm jan,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Nouvo videyo sa montre transfòmasyon drastik k ap fèt nan Ayopò Greater Binghamton lan. Kounye a, pasaje yo gen kapasite pou wè modènizasyon k ap fèt nan ayopò sa ki se akèy ideyal pou tout moun ki vwayaje nan Southern Tier New York pou tout sa li gen pou ofri.”

Ayopò Greater Binghamton lan se te youn nan nèf ayopò nan nò eta a yo te bay yon total 230 milyon dola nan dènye faz finansman sou Konpetisyon pou Devlopman Ekonomik Revitalizasyon Ayopò nan Nò Eta a [ke Gouvènè Hochul te anonse](#) an 2022. Prim lan vize ankouraje, revitalize ak akselere investisman nan ayewopò sèvis pasaje komèsyal yo nan nò Eta a, ki ede kreye ayewopò pou 21èm syèk la.

Ayopò Greater Binghamton lan ki te konstui an 1945, jere plis pase 38,000 anbakman chak ane epi li bay sèvis pa konpayi transpò ayeryen tankou Delta Airlines. Ayopò a se

yon sant deplasman ki vital pou anplwayè lokal premye plan yo, men tèminal prensipal la pa te renove depilis plis pase de deseni epi enstalasyon li yo demode.

Gwo konstriksyon an ankou nan amelyorasyon andedan ak deyò yo alafwa, ki enkli:

- Redevlopman Aksè nan Wout Ayewopò a
- Konstriksyon yon nouvo kanopi ak pòtay antre
- Rekonfigirasyon salon tikè a ak zòn bagaj sòtan
- Renovasyon salon ak sal depa
- Renovasyon zòn reklamasyon bagaj yo ak demenajman kontwa machin lokasyon yo
- Nouvo sistèm kontwòl revni paking yo
- Enstalasyon pui jeotèm

Revitalizasyon Ayopò Greater Binghamton lan gen yon depans total ki estime a 53.9 milyon dola epi li te benefisye de 14.8 milyon dola finansman federal ke yo te rann disponib atravè Pwojè Tèminal Ayopò, Lwa sou Envestisman nan Enfrastrikti ak Travay (Infrastructure Investment and Jobs Act, IIJA). Pwojè modènizasyon sa prevwa kreye plis pase 600 djòb epi konplete vè 2025.

Se Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta New York ki administre Konpetisyon Devlopman Ekonomik ak Revitalizasyon Ayopò nan Nò Eta a epi li te ouvri pou ayopò sèvis pasaje komèsyal nan nò eta a ak ayopò ki bay sèvis espesyalize pou avyon komèsyal yo. Yo te ankouraje aplikan yo pou aplike pou finansman yon sèl pwojè oswa yon pwogram pwojè pou ede reponn ak demann 21yèm syèk la. Pwojè ayewopò elijib yo te soumèt pou revizyon yo te evalye sou baz kritè etabli, ki gen ladan men pa limite a inovasyon nan konsepsyon, ekipman pasaje yo ak eksperyans, efikasite operasyon, ak efikasite ekonomik pou rejyon ayewopò a.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Envestisman san presedan Gouvènè Hochul nan ayopò rejyon nò eta yo reflète angajman li pou devlopman ekonomik kominote nan chak rejyon Eta New York. Amelyorasyon ki ankou nan Ayopò Greater Binghamton yo ap kreye yon eksperyans ki pi agreyab pou vwayajè yo gen aksè nan ayopò a epi pwofite de bote Southern Tier – yon bagay ki konplè pou wè nan nouvo videyo sa."

Senatè Eta Lea Webb, te deklare, "Ayopò Greater Binghamton lan se yon resous kle pou devlopman ekonomik ak kominote nan rejyon nou an. Pwojè konstriksyon yo nan ayopò a ap ranfòse enfrastrikti rejyon an, rann vwayaj pi efikas, aksesib epi sipòte plis sèvis ki estimile ekonomi lokal nou an. Mwen ta renmen ekspri gratid sensè mwen bay Gouvènè Hochul pou envestisman 32 milyon dola a nan kad Konpetisyon Devlopman Ekonomik ak Revitalizasyon Ayopò nan Nò Eta a. Modènizasyon planifye sa yo asire ke ayopò nou yo pare pou reponn a bezwen alavni rezidan, vizitè ak biznis nan rejyon an."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul dèske li bay toune vizyèl sa k ap vini nan Ayopò Greater Binghamton lan. Konstriksyon ki ankou depi novanm lan, ap transfòme ayopò nou an yon pasrèl modèn ki fèt pou atire nouvo konpayi transpò ak pasajè. Nou pa ka tann pou li fini ane k ap vini an."

Chèf Egzekitif Konte Broome, Jason Garnar te deklare, "Gwo modènizasyon sa yo nan Ayopò Greater Binghamton ap kreye yon pasrèl modèn, klas mondyal k ap akeyi vizitè yo nan Konte Broome pou ane k ap vini yo. Nouvo videyo a ofri yon apèsi ki revele transfòmasyon enkwayab ki ankou a. Mèsi a Gouvènè Hochul pou sipò kontini ak angajman li pou rann transfòmasyon sa posib, k ap asire ke Konte Broome rete yon sant vital pou kwasans ekonomik."

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Se misyon Depatman Transpò Eta New York pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta New York. Lavi yo andanje; ralanti ak mete nou sou kote pou travayè otowout yo! Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa [vizite sitwèb DOT](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)